

|                                                                                  |                           |
|----------------------------------------------------------------------------------|---------------------------|
|  | <b>Depatman Radyoloji</b> |
| <b>Fèy Preparasyon Imajri timè PET/CT FDG</b>                                    | <b>Mas 2025 Rev 12</b>    |

## Fèy Preparasyon Imajri timè PET/CT FDG

Tanpri kontakte FCS Omwen 24 èdtan Anvan Egzamen W Lan Si W Pa Kapab Fè Randevou W Lan.

**Si w pa respekte machaswiv sa yo, sa ka retade egzamen w lan, ajoute pri epi kapasite nou pou bay oumenm ak doktè w lan rezilta yo touswit.**

*Yon moun pral rele w pou konfime randevou w lan, epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.*

### Lavèy anvan eskanè w lan:

- Kenbe yon rejim alimantè abaz pwoteyin, tikras kaboyidrat, san sik, san fwi. Pa pran anyen sikre epi pa pran anyen ki gen lanmidon. PA pran pen, PA pran pasta, PA pran diri, PA pran pòm detè, PA pran fwi, PA pran sik epi pa pran alkòl.
- Manje pwoteyin tankou vyann, poulè, pwason, elatriye. Ou ka manje tou legim, ze, salad (sèvi sèlman ak lwil oliv ak vinèg kòm vinegarèt), epi fwomaj.
- Bwè anpil **dlo òdinè** jiska touswit anvan lè randevou w lan.
- Evite fè twòp egzèsis nan lavèy ak nan jou eskanè w lan pou evite priz misk.
- **Pa fimen / vape oswa konsome alkòl pandan 24 èdtan anvan eskanè a.**

### Nan jou eskanè w lan:

- Pa manje ni pa bwè anyen apa **dlo òdinè**. Pa bwè kafe.
- Si w gen yon randevou nan apremidi, ou ka pran yon dejene "lejè, ki gen anpil pwoteyin/ki ba glisid" 6 èdtan. anvan tan eskanè ou a.
- Pa konsome chiklèt, sirèt, pastiy pou tous, ni mant.
- Kontinye pran tout medikaman yo nòmalman, alesepsyon ensilin.
- Pasyan dyabetik yo dwe sispann itilize ensilin 6 èdtan anvan egzamen an. **Tout medikaman oral** pou dyabetik ta dwe sispann jou egzamen an epi yo pa ta dwe pran jiskaske egzamen an fini.
- Ponp ensilin yo dwe fèmen pandan 6 èdtan. anvan lè piki a.
- Pote nenpòt medikaman yo preskri pou anksyete nan egzamen an epi enfòmè teknolojis la.
- Mete rad ki konfòtab, cho san metal. San zip, bouton presyon ni bouton metal. Yon soutyen espò rekòmande pou medam yo. Pa mete soutyen ak fil amati si sa posib.
- Retire tout bijou. Pa mete zanno, kolye, mont, bag ni bijou pèsaj.

### Tanpri rele Depatman Radyoloji a epi mande pou w pale avèk yon Teknolojis pou nenpòt nan senaryo ki annapre la yo:

- Pasyan an peze plis pase **350 liv**.
- Pasyan an nan yon chèz woulant oswa sou yon branka, epi li pa ka kanpe san sipò.
- Pasyan an prevwa pou l bò kote fanm ansent oswa timoun piti pandan peryòd 24 èdtan yo apre eskanè a.
- Yo prevwa pou pasyan an mete yon **Aparèy pou Siveyans Glikoz** oswa yon **Enjektè Kòporèl Neulasta** nan moman eskanè a.

**MACHASWIV REJIM ALIMANTÈ ESKANÈ PET/CT**

**PA MANJE / BWÈ SA KI ANNAPRE LA YO:**

PA pran gen sik / lanmidon / kaboyidrat

Pa pran sòs salad / Grevi

PA pran bwason gazez / Kafe / Dlo

Awomatize

PA pran SIRÈT / PA pran chiklèt (menm si li san sik)

PA pran alkòl (okenn kalite)

PA pran fwi ni ji fwi

PA pran pen / peti pen / gato / tòtiya / farin pitz

PA pran ti goute / tchips (okenn kalite)

PA pran Diri/Pasta/Krakèz/Jele/Konfiti

PA pran Yogout / Patisri / Desè / krèm glase

PA pran Pòm detè / Mayi / Peti pwa

PA pran Grenn / Avwàn / TOUT Sereyal yo

**LI AKSEPTAB POU MANJE / BWÈ SA KI ANNAPRE LA YO:**

DLO ÒDINÈ (PA mete sitwon, gou, ranplasan sik)

Tofou, Pwason/Poul (evite pane)

Nwa kri / natirèl, manba san sikre

Stek / Vyann wouj / Vyann kochon (bekonn / janbon)

Ze ak fwomaj di  
Zucchini, leti, ak seleri

Legim yo: Pwa vèt, Bwokoli, Zepina

Lwil oliv, vinèg, magarin, ak bè